

République du Sénégal



Ministère de l'Éducation nationale

**Wolof**

# **Tànk-ndànk**

**Jéego ⑥ Téere ⑤**

Édition 2019  
Réimpression 2020



Avis de droit d'auteur : ©2016-2021 projet Sénégal Lecture Pour Tous pour l'Agence des États-Unis pour le développement international (USAID), contrat USAID n° AID-OAA-I-14-00055/AID-685-TO-16-00003, géré par Chemonics International. Tous droits réservés. Cette aide provient du peuple américain et est financée conjointement par l'USAID et le gouvernement du Sénégal.

Ce travail est disponible sous la licence Creative Commons Attribution 4.0 IGO licence (CC BY 4.0 IGO) <http://creativecommons.org/licenses/by/4.0/igo>. Sous cette licence, il est accordé le droit de copier, de distribuer, de diffuser et d'adapter ce travail y compris à des fins commerciales selon les conditions énoncées de la licence CC BY.



# Li téere bi ëmb


Lëg, Bukki ak garab gay wax..... 4

Jaloorey Sàmba Gelaajeegi ..... 15


Sófëer bu sàggan ..... 31

Lël bi ..... 43

## Lëg, Bukki ak garab gay wax



Benn bés, Bukki dafa doon doxantu ca àll ba, ci jamono tàngoor wu metti. Mu ngay dem ak a dikk, di daw, di xeeñtu, di yuuxu, taxaw, yuuxuwaat. Mu ngay def li Bukki di faral di def ci biir àll. Na muy yuuxoo wuute na ak na mu ko daan defee ndax xiif te amul lu mu lekk. Mu jekki-jekki gis ci àll bu yaraax lu yéeme lu ñu dul faral di gis. Garab gu gën a rëy, gën a kawé am taax, am xas wu dijj, mel ni lu ñu yett. Dalay jox kanamu nit. Seetlu nañu ca bët yu ñuul te xóot, bakkan bu tàcc. Gémmeñ ga dafa ni **ɲàpp** ni buntu puur.



Ca xar kanamu garab ga, dara yënguwl bay niru luy dund, du bët ya, du gémmin ga. Moonte garab gi da lay xool, paxum gémmin ga dafa raglu ni gu rab wu soxor.

Li ci gën a yémewaat, mooy ñaxtu ga ñuy faral di dégg ca gémmin ga. Day niru lu lëndëm te **raglu** ni jooyu **till**.

Ba Bukki déggée yuuxu ñaxtu ga, dafa ni tekk ndax ragal, boole ko di yuuxu.

Wóoy ! garab guy wax ! Ca la yég am xët, mu daaldi xëm. Garab ga dafa mel ni lu génne ab bàñqaas, ngàdd ko. Bukki xëm lu yàgg. Ba nu yeewoo, jant baa ngi so, guddi gi dugg.



Garab ga jege ko lool te naan hu ! hu ! Dafa mel ni sax yeneen garab ya ngelaw lay upp dañoo ragal.

Ponkalu garab ga, sànniwaat beneen bàñqaas, jot Bukki, xëcc ko ba mu jege gémmeñam ga. Ca tiitàngem ga, Bukki dégg baat bu xuur te sori naan ko : « Bukki, yeewu nga leegi ! Déglu ma te fàttiliku li ma lay wax. Fii fépp rab wu ma jege ni « Garab guy wax » daldi dee ci saa si. Bii yoon, baal naa la. Demal sa yoon, su beneen yoonee, soo ma jegée, fàttalikul ni damay wax. »

Bukki xaarul ñu waxaat ko ko. Ba ko bàñqaas ba bàyyee, la **fëx**.





Ba Bukki dawee ba sori Garab ga, mu taxaw, tàlli ñareet, di raay bopp ba ndax mettiti. Mu teg ci ni : « Garab gu bon gii moo tax sama bés bi yàqu. Sama bopp bi dafa diis, teg ci sama mbàq gi dara nekku ci. » Bukki di xalaat, xalaataat man pexe la mën a def ba am lu mu lekk ndax xiif.

Mu jekki xalaat ne : « Damaa juum ci li ma jàmbat Garab gi. Waaye moo may wutal pexe mu ma amee lu ma lekk ba regg. Dina tax ba duma xiifaat suba, ginnaaw suba ak bés yiy ñëw. »

Ca suba sa, Bukki dem seeti Kéwel. Ba mu yeggee, mu ni : « Kéwel, maa ngi nii ! » Kéwel tontu ko : « Man tamit maa ngi nii ! »




Ca waxtaan wa, Bukki ni Kéwel : « Tey ma won la loo masul a gis, te sa baay ak baayam umpale ko. Kéwel ne ko : « Waay kon Bukki lan la? » Bukki ne ko : « Garab guy wax la.

- Garab guy wax, Bukki bu ma foontoo ! Neexul ba neexul danga may foontoo !

- Ak sama gémmiñu yaay, mën naa la won garab guy wax ni man ak yow. Dafay laaj nag nu déggoo ci.

- Waaw nan lay deme kon ?

- Kéwel, soo ko gisee, waat naa ni dinga yéemu ba ni waaw, garab guy wax ! »



Bukki, ca pexeem ya ni ko : « Soo waxul garab guy wax, dina mer, daldi lay bàcc bàñqaasam ya. »

Ci la ko Kéwel nee : « Bukki nanu dem.»

Ñu daldi ànd, ci lu yàggul dara ñu yegg ci àll bu yaraax. Kéwel gis Garab gu gën a rëy am taax, am luy niru xarkanam, di yuuxu ni till. Kéwel tiit, daldi jalu ni : « Waaw, garab guy wax ! »

Ba muy daaneel, ñu dégg téll, Kéwel xëm daanu, Bukki song ko, diri ko ba ca àll bu yaraax ba, tàmbali koo lekk.

Mu dellusi teg ci **Jaar** ak gawaayam ni **Xojog**, teg ci Xar boroom xel mu **nëx** mi. Bàyyiwu fa Mbaam-àll ak kawar gu rëy ga te dëgër, Nagu àll, mi ragalul dara.



Ba Bukki yenoo Nagu àll wuti garab ga, Lëg, ca deñ-kumpa ga, topp ko te gisu ko. Nagu àll wa jommi moom tamit ba mu gisee garab gu yéeme ga.

Ah ! rab wii moo soxor, suñu ko bàyyi woon, lu ko neex lay def, dina lor rabi àll yépp. Wànte xaaral, dinga xam ni Lëg a ko gën a muus fopp. Ca ëllëg sa, Bukki delluwaat ca àll ba ngir wut ku mu loraat . Ca la Lëg jóg, jëlaat yoonu Bukki wa. Ba ko Bukki séenee, mu tàmbaliwaat di ko tegal pexe ya mu tegaloon yeeneen rab ya. Ca la Lëg yëngal, yëngalaat noppam yu gudd ya, ni tekk di xaar lu Bukki di **nasati**.





Bukki di xalaat li mu war a wax Lëg . Mu nga ko naan : « Waaw, xam nga man sama xel neexul. Damaa dëgër bopp, te sama xel mi dafa **nëx**. Ndax mën naa la laaj dara ? »

Lëg tontu ko ne ko : « Bukki loo may laajati, waxal ma dégg.

- Jaajëf Lëg, leegi, loo xalaat ci garab guy wax ?

- Garab guy wax ! Danga maa bëgg a jommal xanaa ?

- Déedeet sax, danuy waxtaan rekk. »

Lëg xel mi tàmbali di werante.



Ba ñu toogee ab diir, Bukki gis ni Lëg dafa xaw a sedd. Ca la ko laajaat :

« Waaw sama xarit, looy mel ni ku jaaxle nii ? »

Lëg ne ko : « Yemuma ci jaaxle, damaa mel ni kuy bëgg a jommi. »

Bukki ne ko : « Kon de soo gisee garab gu rëy, gudd, dinga yuuxu bu baax. Dinga ne : Waaw ! Lii Garab guy wax la. Jafewul a wax dara. Laajul xel mu neex ngir fàtteliku ko.

Lëg ne : « Xaaral ma jéem ndax dinaa ko mën : Garab guy wax... Garab guy wax... Yaakaar naa duma ko fàtteeti. Waaye, lii de doy na waar, kenn masul gis lu ni mel. »



Lëg daldi jóg ni Bukki : « Mën nanoo dem leegi. »

Ci lañu ànd di wéy, yàggul dara, ñu yegg ca àll bu yaraax ba.

Lëg a ngay waxtu naan : « Oh ! Garab guy... , Garab guy...»

Bukki ne ko : « Ee ! Lëg, yeggaleel kàddu gi. »

Ci tiitàngé, Lëg naan : « Garab guy...

- Waaw lii mooy lan ? Baamtul li ma la waxoon !

- Ca dëgg-dëgg, fàtte naa ko : Garab guy wa... Garab guy wa...céy xel mu nëx ! »

Bukki mer ne ko : « Neel Garab guy wax, bul xalaat leneen. »

Bi Bukki di jeexal wax ja, la ko bàñqaas ne téll, mu ni dàll xëm, yeewuwaatul.

## Laaj yi

- 1 Lan lu yéeme la Bukki gis ca àll ba ?
- 2 Ban njariñ la ko indil ?
- 3 Lu tax Bukki yóbbu Kéwel ca taatu garab gay wax ?
- 4 Joxeel sa xalaat ci li nga jot a jàpp ci nettali bi ?

## Jaloorey Sàmba Gelaajeegi





# Jaloorey Sàmba Gelaajéegi




Ca dëkku Pël ya, amoon na genn góor gu fa dëkkoon. Benn bés mu dogu ne dafay tukki ngir jàng àdduna. Mu jël ay kiiraayam maanaam fittam ak jaaseem, door a war fasam. Ci la tegu ca yoon wa, dunguroom bu dogu bi, topp ca ginnaawam.

Ba Sàmba doxee ay waxtu, romb benn àll, soog a egsi ci benn déeg bu mag. Ay garab yu rëy ñoo nëbb genn-wàllu ndoxu déeg gay **gilli**. Foofu mooy këru Jinne ji.

Jinne ji, njuuma lu rëy la. Maanaam xeetu **ninki-nànk**a la, te yaramam fees dell ak ay **waasintoor**.

Tànkam yu dëng ya am nañu ay we yu gudd te sew, niroom ak yu Gaynde.



Mala wa dafa raglu lool, ba nga xam ne, ña amoon fit sax dañu doon pat-pati ndax ragal.

Waaye Sàmba yëgalu ko yaramam. Naam Dunguru xelal na ko, teewul wàcc na ci fas wa, dem jigeji déeg ba.

Ca saa sa, ndox mu ñuul ma, te xasaw tàmbalee yëngatu. Ndox miy bax-baxi, jekki-jekki ne waat tekk. Moo ngay def ay duus yu kawé ni tund yu mag, ànd ak coow lu rëy.

Ba ndox mépp newaatee tekk, Jinne ja egsi. Mu ngi taxaw ci diggu ndox mi di wër nit ku sob ki, ki ko yàqal nelawam. Ba mu gisee Sàmba, ca la wëlbatiku jàkkaarloo ak moom yuuxu ko ca kaw ne **dënnu**.



Dafa ubbi gémmeñam, mu yaatu lool. Mu bàyyi xet gu xasaw mu cay génn. Waaye Sàmba ragalu ko. Mu ngi jàkkarlo ak njuuma li, di ko xool. Jinne ji tàmbalee màgg : baatam tàwwweeku, guddaayu boppam romb garab yu mag ya ba egsi ca **niir** ya. Waaye Sàmba ragalul ba leegi. Mu ne ko : « Jinne, lu tax ngay def lii ? Danga am jot rekk. Man mii, amul dara lu ma ragal. »



Ginnaaw bi mu delloo melaat ni mu meloon, ca la tontu Sàmba ne :  
« Ci nit ñépp, yaw yaa ci gën a jàmbaare. Moo tax dinaa la neexal.  
May naa la fetal gi nekk fee ci suufu guy gee. Génne nga ko ci mbaram  
rekk, mooy ki ngay xeexal dee na. » Sàmba yàkkamtee jël fetal ga.  
Bi mu demee jël ko ba noppi, ne : « Baax na ! Maa ngi dem xooli ndax  
li jinne ji wax dëgg la ! »  
Mu génne fetal gi ci baram rekk, Jinne ji daanu dee.





Sàmba topp yoonam di dox. Mu eggi ci ab dëkk bu mag bu mu xamul.  
Dox na lu sori ca naaj wu tàng wa. Moo tax mu maroon a naan. Bi mu  
doxaatee tuuti rekk, ca la taxaw ca kanamu néegu ñax ba mu jëkk a gis,  
ñaan ndoxu naan.

Benn aji-defal-yàlla bu jigeen may ko tuuti ndox ci genn leget. Ndox  
ma, ma nga xasaw lool ba mënko naan.

Ca la waxe ne : « Mii ndox a tilim ! »

Ndaw sa tontu ko, ne : « Ee gan gi, dëkk bi amul ndox ! »

- Lu tax loolu ?





- Ndox, benn béreb rekk nga ko mën a ame ci dëkk bi, ta jenn jasig a fa dëkk. Benn yoon rekk nga fa mën a am ndox ci at mi. Te at mu ne, fàww nga jox ko sarax benn janq. Dañu ko war a solal yére buur bu jigeen, takkal ko jaaroy wurus, lamu wurus ak ceenu wurus.

Bu fekkeer janq ji nga ko jox neex na ko, dafa koy yóbbu, lekk ko. Bu ko neexul nag, du bàyyi kenn utiwaat ndox ci déeg bi. Suba sax lañuy jébbali jasig ja janq ji ñu ko tànnal. »

Sàmba ne ko : « Jox ma benn ndaa lu amul dara. Damay dem ci déeg ba uti ndox man ci sama bopp. »

Aji-defal-yàlla bi tontu ko, di pat-pati : « Dinañu la lekk de ! »



Sàmba dem ca déeg ba. Mu duy ndaa la ko aji-defal-yàlla ba joxoon,  
mu naan, jox fasam ak dunguroom ñu naan. Ca lañu déegge coow lu  
rëy. Jasig ja génn ca déeg ba.


Jasig ja laaj ko : « Looy def fii ? »

Sàmba tontu ko ci suuf : « Damaa mar rekk di naan. »

Jasig ja ne ko : « Jógeel fii leegi-leegi walla ma lekk la ! »

Sàmba mi am fit ne ko : « Jasig ragaluma la ! »

Jasig ja mer ba futt, dem song ko. Bëtam yaa ngi xonq ni safara.



Bi fasu Sàmba gisee gémminām gu yaatu ga te gudd, ca la tàmbalee **ɲexal** ak di bajjantu. Dunguru tiit daw nēbbatuji ca ginnaaw genn **gajj**.

Waaye, Sàmba yēngatuwul benn yoon. Ba ko Jasig ja jegée ca la génne fetal ga ca mbar ma. Ca saa sa, Jasig ja dee.

Sàmba dagg tuuti ca deru mala ma, jox ko Dunguru. Ba mu noppee bàyyi lamam ya ak dàllam ya ca wetu déeg ba.




Xam na ni kenn du mën a takk lamam ak sol dàllam.

Looloo tax ba kenn amul tànk ak ay loxo yu tuuti ni yosam. Ca la ñibbisi ca dëkk ba.

Ca bis ba ca topp, Buur ba woo géwel yépp ya nekk ca dëkk ba. Ndax dafa bëgg ñu yóbbu, janq ba ñu war a joxe sarax ca déeg ba.

Ndeysaan, Géwal yaa ngi topp xale bu jigeen ba, di ko wayal ak a tagg. Ñu nga naan : «Yaw, jigeen ju am jom nga. Jasig ji lekk na sa ñaari mag yu jigeen. Yaw yaa leen di ñetteel, moo ne ragaloo Jasig ji. Dinanu am ndox mu neex ndax yaw.»





Ba janq ba egsee ca déeg ba, dafa dugg ca biir ndox ma. Ma ngay gis Jasig ja di tëmb ca kaw ndox ma.

Ca la géwel ya ne : « Cëy bii musiba ! Jasig ja nanguwul sunu sarax, maanaam bëggul janq bi ñu ko jox. Duñu am ndox itam, nun ñépp dinanu dee ak mar. Ndaxte ndaa yi amuñu benn toq ndox.

Nanu daw gaaw, seeti beneen janq bu ko gën a rafet ngir def ko sarax, jox ko jasig ja. » Waaye jasig ji faalewu leen. Ñetteelu janq ba ñu tànn ma nga tudd Kumba. Doomu buur ba la.





Dañu ko doon méngale ak weer wi ndax rafetaayam. Dafa amoon tamit jom ni Sàmba.

Kumba ñëw dugg ca biir déeg ba. Waaye ba leegi, Jasig jaa ngi ne tekk-tekkaaral. Kumba saaga ko, teewul Mu ngi ne tekk ba leegi. Mu jege ko rekk daldi ko wéq. Bi mu gisee ni yëngatuwul benn yoon, ca la yéeg ca kaw bopp ba, ba noppi wax ca kaw : «Dafa dee ! Jasig ji dee na !»

Ñépp dugg ci biir déeg bi. Ku nekk a bëggoon a gis **jahran**, mala mi yàggoon a tiital waa dëkk ba. Ci la buur wax ak nit ñépp. Mu ne leen : « Bu fekke ki ray Jasig ji mën na koo firndeel, dinaa ko jox lépp lu mu laaj. »



Bi ñu déggee buur ba dig neexal ka ray jasig ja, nit ñu bari jóg di wax ca kaw. Ku nekk naa : « Man la ! Man la ! »

Ku nekk mu ngay nettali ngir gëmloo buur ba ni moo ray jasig ja ñépp ragaloon. Waaye kilifa gu màggat ga gisoon lami Sàmba ya ak dàllam ya, wax ca kaw ne : « Yii lam ak i dàll, jàmbaar ji rey jasig ji mooy bo-room. » Buur bi ne : « Képp ku takk lam yii te sol dàll yii, ñëw fii, dinaa ko jox ab neexal. »

Ku nekk di jéem a takk lam yi ak sol dàll yi. Waaye kenn mēnu ko. Benn rëbbkat ne : « Kilifa gi waxul dëgg. Lam yii ak dàll yii, dañu tuuti lool. Benn xale moo leen fi fàtte. Te xanaa kenn du wax ne xale bi moo mujj ray Jasig ju rëy ja. »




Ñu woo xale ya benn benn ngir ñu seet ndax lam ya ak dàll ya jot na leen. Waaye kenn ci ñoom mënul a takk lam ya, mënul a sol dàll ya itam. Dañuy gën a tuuti sax bu fekke ay xale ñoo leen bëgg jëfandikoo. Ca la rëbbkat ba waxee : « Dafa mel ne lam yi ak dàll yi, aw rab a leen fi fàtte. »

Kilifa ga ak xaritam ya diri jasig ja, ba ca tàkkal déeg ba. Mu yokk ca ne : « Jàmbaar jooju moo dagg tuuti ci deru jasig ji. Ki yor der woowu na ko indi. » Loolu dina firndeel jom ak fit wi mu am.

Jenn jigeen jóg ne : « Démb am na gan gu ñëw ci dëkk bi ñaan ma ndox. Ma may ko ndox mu tilim waaye mu bañ ne du ko naan. Mu génn dem ca déeg ba wuti ndox. Bi mu waññeekoo, indaale ndaal lu fees dell ak ndox mu neex. Jàpp naa ni moo ray jasig ji. »

Ca saa sa buur ba yónnee woolu gan ga. Bi mu egsee mu ne ko : « Nattal lam yi ak dàll yi ! »



Sàmba natt leen, ñu yem kepp ci moom, terewul rëbbkat bi ne :  
« Firnde yii rekk doyul. Ana der wi ñu daggoon ci jasig ji ? »

Sàmba **liyaar** Dunguru, mu jox ko der wa, mu taf ko ci góom ba, mu yem ca kepp.

Buur ba ñëw ca wetu Sàmba ne ko : « Yaw gan gi, fexe nga ba ñu tàggoo ak jasig ji. Yaw yaay jàmbaar yì. Wax ma li nga bëgg, ma jox la ko. »

Ginnaaw bi ñu ko nettalee mbiru ñetti jigeen ña ñu joxe woon sarax, jagleel leen jasig ja, ca la wax lii : « Man Sàmba Gelaajeegi lenn kepp laay laaj, mooy damaa bëgg ñu may ma Kumba mi am jom te jàmbaare. »

Ca saa sa, ñu may ko ko. Kumba séy ak Sàmba. Ñu am ay doom yu bari te jàmbaare ni seen ay waajur.

## Laaj yi

- 1 Wan tur lañuy woowe jinne ji ? Nu jinne ji mel ?
- 2 Bi Sàmba di ray jinne ji, ndax dafa bëggoon a dimbali waa dëkk bi ñu am ndox ?
- 3 Lu tax lam yi ak dàll yi tuuti ba kenn mēnu leen a sol ?
- 4 Lu tax ñu ne Sàmba def na jaloore ?



## Sófëer bu sàggan



## Sófëer bu sàggan



Yamar, sófëer bu sàggan la. Mu ngi yore benn oto « njaga-njaay » bu màggat. Boo xoolee oto bi, fu nekk mu ngi toj. Faari kanam yi war a leeral yoonam, su guddi jotee, dara du ci tàkk. Pentiiri njaga-njaay bi, dafa xolleeku ba dara desatu ci. Bu la oto bi wonee ginnaaw guddi, doo gis dara ci moom. Ci biir oto bi, toogukaay yu bari damm nañu, mu takk leen ak ay sagar. Boo toogee ci biir oto bi, téen ci kaw di gis asamaan si. Oto bi amul kayit yu bari. Asiraas ba jeex na lu mat ay weer. Wisit teknig itam, oto bi amu ko.



Suba la Yamar war a yeb otoom bi dem Tàmbaa. Dafa gonnal ca garan palaas ba ba xaaju guddi mu doog a tëddi. Yee ko jafe woon na ci suba si, ndax nelaw yi jeexul woon ci moom. Ba mu yeewoo ba taal oto bi, foo toll di dégg riiru mótoor bi ak di séen saxaar si. Taal oto bi jafe woon na lool ci moom. Xale yi ci dëkk bi ñoo ko mujj puus. Ba oto bi tàkkee, la jubali gaaraas. Ñaari waxtu lañu ci teg, koksëer bi woo ko, ne ko sa tuur jot na. Ci noonu, la Yamar indee njaga-njaayam bi ngir yeb Tàmbaa. Àpparànti bi moo yéeg ci kaw oto bi di yeb bagaas yi. Oto bi fees na dell ba àpparànti bi amul fu mu toog.



Gannaaw ba mu tegoo ci yoonu Tàmbaa, Yamar di daw mel ni ku yor ab abiyonj. Ak li muy daw yépp, waxtu wu ñu ko woowee, mu jël telefonam di tontu bay bëgg a saaraan. Mu dolli ci sigaret di sànni mego yi ci àll bi. Ci noonu la taalee daay yu bari ci yoon wi. Daay yi mu taal, tax na ba garab ak ñax yu bari lakk. Foofu, jur gi dunu amati dara lu ñu lekk.

Kilyaan yi ci biir njaga-njaay bi, ñoo ngi waxtaan waxtaan wu neex. Am na ci ñoo xam ne, ba ñu tegoo ci yoon wi ba leegi, ñu ngi xuloo ci seen biir. Ñenn ñi di werante ci politig. Ñeneen ñi di wax ci làmb ji war a am dibeer. Ku nekk di wax ne sa mbër mooy daan. Coow li ci biir njaga-njaay bi mel ni tulli ak mälle.





Ba ñu yeggee Kawlax, Yamar taxaw ca estasiyon ba ngir yokk esaas. Ci noonu, la kilyaan yi wàcc oto bi di wuti lu ñu ndékkee. Am ci ñoo xam ne, puus-puusi yàpp yi lañu wutali. Ña ca des, dem ca meer bay jaay kafe-saaf. Ba ñu ndékkee ba suur, ñu teguwaat ci yoon wi. Ci biir oto bi, waxtaan wi dafa mel ni lu gën a tàkkarnaase. Ba ñu rombee Mbirkilaan, ca wiraasu Naawel ba, xaw tuut oto ba saaraan ndax xël yu metti. Ci noonu sax la ko sàndarma yi taxawalee. Ba ñu saytoo kayitu oto bi, lañu seetlu ne yu bari dañoo jeex. Yeneen kayit yu bari sax oto bi amu ko. Ci noonu, la ko sàndarma bi bindal kayit ngir mu fay.





Ba ko alkaati bi delloo permi bi, Yamar teguwaat ci tali bi daaldi yokk xél ya. Ba muy waaj a yegg Kungël ci la tàmbalee yëg coono. Mu gëmmentu tàmbalee jayaxu. Ca noonu, biir oto baa ngi ne selaw. Kilyaan yi sonn. Ñenn ñi di nelaw. Ñeneen ñi ni cell ngir coono yoon wu sori. Oto baa ngay yéeg ak a wàcc yoon wa te kenn yëgu ci dara. Ci noonu la daw ba daje ak kamiyoŋ bu jógee Mali. Kamiyoŋ baa nga yeboon ba fees dell ak bagaas. Foo toll ca biir Kungël di dégg réll ja.



Kamiyon ba jóge woon Mali te yeboon ba diis moo nga daanu ca wetu càmmoon ba. Guro ak saakuy kaarite ya mu yeboon tasaaroo ca àll ba. Oto Yamar ba moom daanu ci digg tali bi. Benn póno ba wekkeeku dali fale. Foo toll di dégg yuuxu kilyaan yi. Xale yi katamu seen yaay yi. Yamar tiit ba génn oto bi, yenu loxo yi wutali àll ba. Bagaasu kilyaan ya tasaaroo ca digg tali ba. Riir ma ak yuuxu yi moo woo waa Kungël. Góor ña ak jigeen ñépp daw wutalsi aksidaŋ bi ngir wàllu nit ñi. Ku nekk ci ñoom, di daw xél yu metti ngir gaaw a egsi.



Ba waa dëkk ba egsee, lañu gis ne, riir mi moo rëy waaye kenn deewul. Waaye nag, am na ñaari jigeen yu seen tànk damm. Am na benn xale bu góor bu sonn ndaxte bopp baa toj. Àpparànti ba, dafa mel ni loxo ndeyjoor baa damm. Mettit wa sonal na ko lool ba mu tëdd ci suuf di bërëñu. Yamar, sófëer ba moom, kenn xamul fu mu nekk. Sófëeru kamiyoŋ ba, mucc na, dara mettiwu ko. Ñi gaañu ñépp a ngi tëdd, wallukat yi di leen upp.


Oto Yamar bi moom, genn wet ga tas na. Paraabiris ba itam toj na. Toogukaay ya, yii damm nañu, yee tasaaroo.



Kenn ca wallukat ya moo jël telefonam daaldi woo waa pompiye. Keneen ci ñoom, moo woo sàndarma yi. Nees tuut, ñu dégg oto pompiye di ñëw. Foo toll di dégg yuuxoom gi « pii-poo-pii-poo. » Ba pompiye egsee, lañu gis ñaari góor ak ñaari jigeen wàcc ci seen oto gàddu balankaar bi. Ca noonu, lañu jublu ci ñi gën a sonn. Ñu teg leen ci balankaar bi benn benn, dugal leen ci seen biir oto bi. Ba ñu noppee, ñu jubali opitaal ngir faj leen.

Ca noonu la sàndarma yi doog a egsi. Li ñu jëkk a def mooy laajte ñan ñooy sófëeru oto yi. Ci la jenn waay ñëw ci ñoom ne leen mooy sófëeru kamiyoŋ bi.





Sàndarma yi laaj sòfëeru kamiyoŋ bi ay kayitu ootom. Sòfëer bi jox leen bépp kayit bu ñu ko laaj. Ba ñu paree ak sòfëeru kamiyoŋ bi, la alkaati yi laaj mbooloo mi ki doon dawal njaga-njaay bi. Ñu xool ba sonn gisuñu Yamar foofu. Ci la jenn waay ju nekkoon ci njaga-njaay bi xool penku, séen Yamar ci àll bi mu yenu loxoom ya. Noonu la ko alkaati yi fekk fi mu nekk indi ko. Yamar, aksidaŋ bi moo tax mu tàggoo ak sagoom. Ci la ko sàndarma yi waxee ne kenn deewul waaye am na ñu am gaañu-gaañu. Bi ko sàndarma yi dëfalee ba noppi, lañu ko laaj moom itam kayiti ootom. Yamar jox leen kayit yi. Sàndarma yi tàmbalee saytu li waral aksidaŋ bi.



Bi sàndarma yi saytoo aksidaŋ bi, lañu seetlu ne sófëeru njaga-njaay bi moo tooñ. Yamar moo bàyyi yoonam dem fekki kamiyoŋ bi. Dafa doon nelaw. Loolu moo indi jéyya ji. Bi sàndarma yi xoolee kayitu oto Yamar bi, lañu gis ne daraam teguwul ci yoon.

Benn sàndarma bu jigeen jéng loxo yi dugal ko ci biir oto bi. Ba ñu yeggee , ñu déglu ko. Li mu lay lépp dara taxawu ci. Ci noonu la ko sàndarma yi tàmbalee yedd. Ñu xamal ko ne oto malaaka la, dañu ko war a moytu. Ñu wax ko itam : « Daw ndànk, dal ndànk. Sófëer bu ne, war na am kayiti oto yu leer. »

## Laaj yi

- 1 Ban xeetu oto la Yamar am ?
- 2 Ndax oto Yamar bi jàppandi na ngir dem Tàmbaa ?
- 3 Lu waral biir oto bi xumb ?
- 4 Lan ngeen di xelal Yamar ngir liggeeyam bi gën a baax ?

Lël bi





# Lël bi



Leegi Mustafaa daanaka dëgër na. Atum ren, lay am juroom-benni at. Ay waajuram, war nañu koo waajal, mu dem dëkku maamam, Caameen. Dëkk boobu, Senegaal gépp xam na ko, ci fonk cosaan. Ca Caameen, juroomi at yu nekk, lël bu mag a fay am. Fu doomu Caameen nekk, du wuute xew-xew bu mag boobu. Góor, jigeen, xale, mag, ñépp dañuy teew. Dëkk bi day xumb ; woto, sareet, welo, jakartaa, dañuy yeb ay nit riir wuti dëkk ba. At mii nag, dafa cee raw, ndax taxawal nañu kureel guy toppatoo ndaje mi. Ci kureel gi, ñépp lañu ci boole. **Maas** yépp, **njegemaar**, **waxambaane**, ba ci mag ñi, góor ak jigeen, ku ci nekk am na lu ñu ko sas. Kureelu mag ñi moom tànn jamono ji lël bi di am ak béreb ba ñu koy amalee.



Mbootaayi mag ñi joxe nañu xibaar bi ñépp doon xaar. Lël bi jàpp nañu ko ci ñaari ayu-bés yi jëkk ci weeru sàttumbar. Ca **ndànd-foyfoy** ga nekk ca àll ba ca penku Caameen, lañu koy defee.

Juroomi kureel, lañu samp. Kureel goo ci jël, am na ay góor, ay jigeen, ci maas yépp. Am na kureel, guy toppatoo, wàllu cet gi, ki ko jiite mooy Móodu Faal. Ca wetam, am na kureel guy lijjanti ak a saytu koppar yi, seen njiit nekk Elisabet Ngom. Am na itam geneen kureel guy toppatoo wàllu lekk gi ak naan gi. Kureel googu, moo ëpp ay nit. Njiit li, mu ngi tudd Omar Jóob, ñu **toftal** ca wetam Faatu Njaay. Juroomeelu kureel gi, mooy ña ñu ràññee ci dëkk bi, ndax seen xel mu rafet. Kureel googu, day xelal yeeneen kureel yépp. Boroom dëkk bi, di Mangóone Njaay ak jaraafam, Saaxewar Cubb, ñooy saytu di lëk-kale liggeeyi juroomi kureel yi.



Béreb bi ñu war a xarafalee xale yi te ñu war faa dëkk diirub lël bi, dafa war a mucc ayib.

Xale yu góoru dëkk bi ñoo ko war a defar ci njiital magi dëkk bi. Jigeen ñi desuñu ginnaaw ; basañ yi ñu war a lal ca béreb ba ñoo ko ràbb. Bale yi ñu war a setalee béreb ba itam ñoo ko defar ci lim bu bari. Ngir defar béreb bi, xale yu góor yi fajar lañu jël seeni jumtukaay wutali àll ba. Ca yoon wa ñu tase ak Baay Ndaraw mu ne leen : « Fexeleen ba bu leen gor garab guy dund. Bu leen fàttee wut ay xiis, xasi guy ak caxat. »

Naka lañu dox tuuti, ñu séen ñeenti xale yu jigeen, Yaasin, Saarata, Majigeen ak Ulimata. Ku ci nekk a nga gàddu jaaseem. Maamur ne leen : « Yeen fu ngeen jëm ? » Saarata tontu ko ne : « dañoo bëgg a bokk ci liggeey bi. Li leen war ci sunu rakk yi, moo nu war itam. » Maamur tontu rakk ji ne ko : « Wax ngeen dëgg. Aywaleen nu dem waaye xool leen bu baax fi ngeen di teg seeni tànk. Àll bi dafa bari ay ndox-suuf. »





Baay Aale woo na boroom dëkk yi di ay naatangoom ngir diisoo ak ñoom ci njëndam nag mi. Maam Góor ne : « Pël yi, seereer yi ak jaaykati yàpp yi xam nañu nag. « Nañu bokk tànn ci dëkk bi ay pël, seereer ak jaaykatu yàpp, boole leen. »

Baay Aale ne dina wax ab taawam mu ànd ak ñoom. Mu ñaax leen ne : « Buleen yàkkamti te buleen werante ndax loolu day yàq am njënd. » Mu dolli ci ne : « Fexeleen am nag yu ndaw, yu suur, yu rafet te am jëmm ba xol yépp sedd. »

Baay Moor ne : « Nanu fexe teel a xëy balaa daral ba di xat ndax waxtu nawet wi. » Baay Aale wax na Musaa ak Omar ñu takk seeni sareet yóbbu jëndkat yi daral. Déggoo nañu ci daje bunt kër Baay Aale, boroom dëkk bi, ginnaaw julli suba. Baay Aale ne dina jox njëgu nag yi taawam, Ngóor, mi war a ànd ak ñoom. Bi ñu tàggoo bay dem, mu ni leen : « Buleen biddanti de, ndax waruleen a naaje. »



Suba teel, jëndkat yépp ñëw : pël yi, seereer yi ak jaaykati ndawal yi. Baay Aale waññ xalisu nag yi ci seen kanam teg ci loxo doom ji. Ñépp yéeg ci kaw sareet yi wuti daral ba. Fas yaa ngi **jiitlante** di jaabal ci xàll wu yaatu. Bi yoor-yoor di jot, yegg nañu ca daral ba, tàmbalee xool nag yi. Daral baa ngi fees dell, kenn mënul dégg ndax coowal nit ñi. Waxaale wi mel ni **tulli ak mälle**, nag yi di tëb, di mbëkkante, sàmm yi di leen xàjjale. Jëndkat yaa ngi joxoñ **yëkk** yi ngir waxaale njëg yi, pënd bi ne gàññ ci daral bi.

Ndawi Baay Aale yi dañoo def ñetti kureel ngir yombal njënd mi. Ku-reel gu ne am benn pël, benn seereer ak benn jaaykatu yàpp, Ngóor miy fay topp ci ñoom.

Jënd nañu fukki nag ngir waajal fani lël bi ak xew-xew bu mag bu mujj bi. Jëndkat yi yeew nañu nag yi ci pénc mi, jigeen ñi di sarxolle, ñépp kontaan.





Baay Aale sant jëndkat yi ne leen : « Seen jaan wàcc na, jur gi mucc na ayib. »

Mu jàkkaarloo ak Yaay Binta ne ko : « Woowal ñaari jigeen ci dëkk bu ne, ngeen jëndi ndugg mi. »

Mu dolli ca : « Nangeen bàyyi xel ne lëlu fukki fan ak juroom lay doon ci téemeeri njulli. »

Bët set, ñu daje kër Baay Aale, xool li ñu war a jënd ak ñaata xalis mooy doy. Baay Aale ne leen : « Buleen xeeb bés bi te buleen fàtte matt ; nangeen wattu werante. » Jigeen ñi lim nañu lépp : soble, ñàmbi, pombiteer, suppome, karoot, laaj, bineegar, poobar, diwlin ak yeneen. Yaay Binta bind na lépp li ñu war a jënd ci ab kayit ak li ci war ci xalis. Baay Aale jox ko xalis bu takku ne ko : « Nangeen teey te teel a xëy balaa naaj. » Suba teel, jigeen ñi dem mårse, ñett ñu ne àndandoo jëndi dara ci jaaykat yu mag yi. Balaa tisbaar, sëf nañu lépp ci ay sareet jébbal ko Baay Aale ak kayiti firnde yi.



Tey ci ngoon la xale yi war a dem ca àll ba ngir ñu xarfal leen. Kenn ku ne, say waajur ñoo ngi lay waajal.

Baay Demba ak Yaay Ami woo nañu seen doom Mustafaa ngir ñaax ko. Baayam ne ko : « Sa maam yépp ay jàmbaar lañu ; masuñoo tiit, masuñoo ragal, nanga leen roy. »

Mu dolli ci ne ko : « Waroo yuuxu, waroo jooy te bul saalit mukk, na nga dëgër. »

Yaay ji ne ko : « Góor dara warul metti ci moom te meewu gor laa la nàmpale, rikk bul ma rusloo. »

Mustafaa tontu leen ne : « Na seen xel dal, tiituma, yox-yoxiwuma te duma jooy mukk. »

Baay Demba ne ko : « Duggal ci wanag wi, nga ubbi ndaa li, yëngal ndox mi, naan ci, sangu ci. » Yaay Ami jox ko ay téere ne ko : « Takkleen ci sa baat, sa loxo càmmooñ ak sa tàнку ndeyjoor. » Ginnaaw tàkkusaan, Baay Demba, ñaanal ko, jàpp loxoom jëm ca pénc ma, bàjjanam Faatu topp ko di tagg.



Téemeeri xale yi war a dugg néegu góor yépp ñëw nañu ànd ak ñi leen di gunge. Seetaankat yi am **ñeewante** lool ci ñoom. Bi timis weesoo, ag góor gu mag wax ne : « Na ngeen am jom te takk seen fit. » Ñu jiital leen wuti àll ba, yenn xale yi di jooy, am ci ñu dëgër. Mustafaa moom Mu ngi yàkkamti, di kaf, di ree ak di **dëfal** moroomam yi. Genn góor ne leen : « Noppileen, amul tiit, amul ragal, doonleen ay jàmbaar. Maam Mbisaan ak **xarfaalkat** bi ak ñi koy jàppale ñoo nga ca seen ruq. » Mustafaa ak yeneen xale yi am fit, di jëkkante dugg. Yenn xale yi di làqatu ndax ragal ku leen yóbbu.

Menn mag ne : « Goreleen, lu metti yàggul te loo muñ mu jeex. » Bi ñépp noppee, selbe yi solal leen seen i yére njulli, daggal leen ay lenge, yóbbu leen ca mbaar ya. Ci ab diir, yenn njulli yi nelaw ba **yàndoor**, Mustafaa moom di tooñ moroomam yi.



Bésu kasag bi, selbe yi di woy ak di tëgg, njulli yi ak yeneen selbe yi di awu. Sabar yi jolli, leeg-leeg, ay njulli jóg, **yaaba** di fecc, jigeen ñi di sàllarñiku. Seetaankat yi di yaggaayu ak a sarxolle, kasagkat bi di **daagu** ci géew bi. Ma nga naan : « Mbaar Masóogi wele ak mbaar njaay. » Awukat ya di tontu naan ko : « Masóogi Wele. » Jekki-jekki rekk Umar, benn njulli, tàbbi ci géew bi, dóor wenn woy wu ko baayam jàngaloon. Ma nga naan : « Mbaar a wele Mbaar Njaay mbaar a wele, njulli Njaay selbee Jóob kaay ñu mbaarawe. »

Awukat ya jaar fa ak sabar ya, sarxolle ya ak pecc ma **jallaañoo** ; njulli yépp jógandoo feelu ko. Beneen njulli feelu ko : « Demoon naa Cuuruur, toolu baay Buur Njaay, nag ya bari niroo, sàmm baa mën a ràññee. » Kasag yi gënatee neex, selbe yépp ne **wedem**, yéemu ba mujj di seetaan njulli yi.





Ñu xëy, góor gu mag di leen jàngal cax, léebu, waxin ak nu ñuy jëfandikoo garabi àll bi. Am selbe bu ne : « Nangeen gore te buleen wor, as gor ñàkk du ko teree gore. » Beneen selbe teg ca ne : « Nangeen am jom tey dox ci dëgg ndax dëgg mooy mujj. » Selbe bu mag bi ne : « Dénk naa leen yar, sutura ak sàmm kóllare ; defleen ko seen gànnaay. » Keneen teg ca ne : « Génneleen coxor, kiñaan ak fiir ci seen i xol, buleen bañ kenn. » Kàddu gu ñu wax firi ko ci ay misaal ba njulli yépp xam li ñu ciy jàngale.

Bisu lakk bi, ñu taal sébb bu mag, lakk lenge yépp.

Ñu xéy, njulli yi sangu, solu ba jekk, waa dëkk yi, di sabaru ba añ jot. Mujj gi, Baay Aale jël kàddu ne : « Sant naa mbooleem dëkk yi, ci ànd bu rafet bi ak déggoo gi. » Mu ne xale yi : « Nangeen xam ne leegi yeen a bokk lépp, bennooleen te doon ay xarit. »

Waa dëkk yi delloo ko ag cant, niti diine yi ñaan, ku ne ñibbi ak say xale.

## Laaj yi

- 1 Fan ak kañ la lël bi war a am ?
- 2 Ndax jigeen ñi dañoo bàyyee góor ñi liggeey bi ?  
Luy firndeel sa tontu ?
- 3 Ndax xaley Caameen rekk ñoo bokk ci lël bi ? Luy firndeel  
sa tontu ?
- 4 Lan moo gën a am solo ci li xale yi jàngge ci lël bi ?



